

Lis bagay pou w fè

Lekòl segondè ak lekòl segondè espesyalize

Jen – Out	<ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Itilize MySchools pou chèche pwogram lekòl segondè. <input type="checkbox"/> Patisipe nan yon atelyetrayay fanmi sou lekòl segondè nan mwa jen. <input type="checkbox"/> Planifye kalandriye admisyon ou pou otòn lan—jwenn enfòmasyon sou aktivite ak jounen pòt ouvèt lekòl yo nan schools.nyc.gov/High. <input type="checkbox"/> Lekòl Segondè Espesyalize Li Manyèl pou Elèv Lekòl Segondè Espesyalize 2019-2020 an epi ale sou schools.nyc.gov/SHS pou w prepare Tès Admisyon nan Lekòl Segondè Espesyalize (SHSAT) a ak odisyon pou LaGuardia High School.
Septanm - Novanm	<ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Patisipe nan fwa lekòl segondè yo òganize nan mwa septanm ak oktòb—ale sou sitwèb nou an pou w jwenn enfòmasyon ki fenk parèt sou lokal, dat ak lè yo. <input type="checkbox"/> Chèche konnen si pwogram ki enterese w yo gen plis egzijans admisyon. Aprann ki jan pou w pwograme oswa remèt evalyasyon yo sou MySchools.nyc, oswa kontakte lekòl yo dirèkteman. <input type="checkbox"/> Rankontre avèk yon konseye nan lekòl ou an oswa yon Sant Byenveni pou Fanmi pou w pale sou opsyon lekòl segondè ou genyen yo. <input type="checkbox"/> Nan otòn lan, konseye lekòl ou an pral ede w jwenn aksè nan aplikasyon lekòl segondè w la nan MySchools. Depi w konekte nan kont ou an, ou kapab: <ul style="list-style-type: none"> ▪ Anrejistre pwogram ou pi pito yo lè w klike sou etwal ki bò kote non pwogram yo. Eseye anrejistre omwen 25 pwogram! ▪ Kòmanse ajoute pwogram yo nan aplikasyon w lan. Ou kapab aplike nan 12 pwogram—aprann ki jan pou w ranpli yon aplikasyon ki ekilibre nan Seksyon 4.0. ▪ Pwograme nenpòt egzamen, odisyon oswa lòt evalyasyon pou pwogram ki sou aplikasyon w lan. <input type="checkbox"/> Ale nan jounen pòt ouvèt ak vizite lekòl yo. <input type="checkbox"/> Fini tout evalyasyon oswa satisfè lòt kondisyon yo. <input type="checkbox"/> Lekòl Seondè Espesyalize Pwograme pou pran SHSAT ak/oswa fè odisyon nan LaGuardia High School atravè kont MySchools ou a, konseye lekòl ou a, oswa nan yon Sant byenveni pou fanmi (Family Welcome Center) nan delè oktòb 2019 la. Anrejistre pou sou lis imèl lekòl segondè espesyalize a nan schools.nyc.gov/Connect—n ap voye enfòmasyon pou ou sou delè yo depi yo anonse yo. <input type="checkbox"/> Lekòl Segondè Espesyalize Jwenn tikè egzamen ak/oswa odisyon w lan. Tikè w la pral afiche dat, lè ak kote egzamen/odisyon w lan ap fèt. <input type="checkbox"/> Lekòl segondè espesyalize Pran egzamen SHSAT a ak/oswa fè odisyon jan yo pwograme l nan mwa oktòb oswa novanm. Fason pou w aplike pou lekòl sa yo se: pran tès la ak/oswa fè odisyon.
Desanm	<ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Voye aplikasyon pou lekòl segondè w la ale pou pi ta 6 desanm 2019. Aplike nan youn nan twa fason sa yo: <ul style="list-style-type: none"> ▪ Sou entènèt nan MySchools.nyc ▪ Atravè konseye lekòl ou a ▪ Nan yon Sant byenveni pou fanmi <input type="checkbox"/> Kontinye pase nenpòt evalyasyon oswa reponn avèk lòt kondisyon yo nan delè lekòl yo.
Mas	<ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Jwenn lèt òf lekòl segondè w la. Lèt sa a pral gen ladan l: <ul style="list-style-type: none"> ▪ Òf lekòl segondè w la ak/oswa, si sa aplikab, rezilta lekòl segondè espesyalize w yo, ki ka gen ladan yo yon òf yon lekòl ki bay egzamen ak/oswa òf estidyo LaGuardia yo ▪ Pwochen etap pou elèv ak fanmi.